



Pou Piblikasyon Imedya: 10/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANSANM AK MAJISTRA DE BLASIO ANONSE
OGMANTASYON NAN PRIM POU NENPÒT ENFÒMASYON KI AP KONDWI A
ARESTASYON AK KONDANASYON POU YON KRIM RAYISAB**

***Eta New York ak Vil New York Konjwentman Ap Ofri yon Prim \$20,000 – Dènye
nan yon Seri Aksyon Agresif ak Konpreyansif pou Derasinen Krim Rayisab yo ak
Anti-Semitis***

***Pou Kapab Rapòte oswa Pote Plent Kont Prejije ak Diskriminasyon, Rele Liy
Asistans Gratis la nan (888) 392-3644, NYPD Crime Stoppers nan 1-800-577-TIPS,
oswa Voye Tèks “HATE” nan 81336***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ansanm ak Majistra Bill de Blasio te anonse jodi a yon ogmantasyon nan kantite prim lan – soti nan prim \$5,000 aktyèl Eta New York lan pou rive nan yon prim konjwent \$20,000 Eta-Vil – pou nenpòt enfòmasyon ki ap kondwi a arestasyon ak kondanasyon pou yon krim rayisab. Kantite ki ogmante a vini apre yon ogmantasyon konsiderab nan kantite krim rayisab ak anti-Semitis ki rapòte nan Vil New York, Eta New York ak atravè nasyon an – ki enkli yon menas bonb ayè kont mize Jewish Children’s Museum ki nan Brooklyn, ak pi bonè nan semèn sa nan Lig Anti-Difamasyon (Anti-Defamation League) ki nan Manhattan.

“Estati Libète a kenbe flanbo a wo nan Pò New York, se yon rapèl etènèl ke eta nou an pral toujou basen pou tolerans ak akseptasyon,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou gen yon politik zewo tolerans pou entolerans, epi mwen ankouraje tou Nouyòkè pou kapab rapòte nenpòt ka layèn, prejije oswa diskriminasyon. Nou pral kontinye travay agresivman ansanm ak patnè lokal ak federal yo pou jije koupab sila yo ki responsab nan tout anplè lalwa, kenbe kominote nou yo sekirize, epi konsève valè divèsite ak enklizyon santral nou yo.”

“Pakèt menas resan yo kont kominote Jwif lan yo se menas kont nou tout. Sa yo ki dirije alankont timoun yo patikilyèman twoublan. Antan ke Nouyòkè, nou kanpe ini an fas taktik lach yo ki konsevwa pou menase, deranje epi divize nou,” **se sa Majistra Bill de Blasio te deklare.** “Mwen fyè pou mwen rejwenn fòs ak gouvènè a pandan ke nou ap travay ansanm ak patnè lokal, leta ak federal yo ki nan fòs de lòd yo pou kapab wè ke

yo pote otè zak yo rapidman devan lajistis. NYPD se pi bon fòs lapolis nan mond lan epi mwen pa gen okenn dout ke sila yo ki responsab pou ensidan sa yo pa pral kapab kache nan lonb pandan lontan.”

Ensidan krim rayisab ki te rapòte nan Eta New York yo te ogmante dramatikman pandan senk dènye mwa ki sot pase yo. Yo te rapòte plis pase 100 krim rayisab pretandi nan Vil New York depi kòmansman ane 2017 la – plis pase doub kantite ensidan ki te rapòte pandan menm peryòd lan ane pase. Kantite ensidan ke yo te rapòte an deyò Vil New York an Novanm ak Desanm 2016 yo te double tou konpare a menm peryòd la an 2015.

Yo ankouraje Nouyòkè ki te viktim prejije oubyen diskriminasyon yo pou rele nan liy asistans gratis Eta New York lan nan (888) 392-3644 soti 9 a.m. rive 5 p.m. Lendi-Vandredi oswa voye tèks “HATE” nan 81336. Nouyòkè yo kapab rele tou NYPD Crime Stoppers nan 1-800-577-TIPS.

Eta New York, an patenarya ak otorite lokal ak federal yo, te poze yon seri aksyon agresif pou konbat ogmantasyon resan nan ensidan prejije ak diskriminasyon yo. An Novanm, Gouvènè Cuomo te òdone kreyasyon Inite Krim Rayisab Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Unit) pou mennen ankèt epi ofri asistans pou lòt ajans fòs de òd yo ki ap mennen ankèt sou krim rayisab potansyèl yo; epi mwa sa, Gouvènè a te kreye yon pwogram sibvansyon \$25 milyon pou bay bourad a serenite ak sekirite nan lekòl ak sant gadri New York yo ki a risk krim rayisab yo oswa atak yo akoz idewoloji yo, kwayans yo oswa misyon yo. Pi bonè nan semèn sa, 120 manm nan ajans fòs de lòd leta, federal ak lokal yo te konplete Lekòl Ankèt sou krim Rayisab yo nan Eta New York (New York State Hate Crimes Investigation School) nan Akademi Lapolis Eta a ki nan Albany, pou kapab asire ke ofisyèl fòs de lòd yo ajou ak dènye taktik fòmasyon ak envestigatif yo. W’ap jwenn plis enfòmasyon sou aksyon konpreyansif Eta a yo ki disponib [isit la](#).

Nan Lendi, Majistra de Blasio, Komisè Lapolis la James O’Neill ak Chèf Detektiv yo Robert Boyce yo te rankontre ak lidè kominote Jwif lan yo ki soti toupatou nan senk awondisman yo nan Sant Kominote Jwif Staten Island lan (Staten Island Jewish Community Center) pou diskite sou ogmantasyon alamant nan krim rayisab anti-Semit yo atravè vil la. Ane sa jiskadat, krim rayisab yo nan Vil New York yo te ogmante jiska 115 pousan, pandan ke krim anti-Semit yo te monte apik prèske a 200 pousan. An plis de ogmante efektif Fòs Entèvansyon pou Krim Rayisab NYPD an pou kapab mennen ankèt sou kantite menas bonb ki ak ogmante yo, Ofisye Kowòdinasyon Vwazinaj yo (Neighborhood Coordination Officers, NCO’s) ansanm ak Ofisye Kòmandan awondisman endividyèl yo te mete kanpe jefò kontwòl vwazinaj yo, nan vizite sant kominotè ak enstitisyon kiltirèl yo ak plis frekans pou kapab detèmine si ak kibò yo bezwen resous sekirite adisyonèl. Yo pral ajoute epi modènize kamera sekirite yo pou kapab seleksyone lokalite yo kòm yon pati nan jefò sekirite NYPD ki ap kontinye yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418